


Resous

- Pwogram edikasyon sekirite anliy NCMEC bay videoyo ak aktivite ki adapte ak laj pou ede paran yo anseye timoun pou yo pi byen pwoteje tèt yo sou entènèt e pou sansiblize yo:
www.netsmartz.org
- NCMEC ede fanmi yo evite krim kont timoun. Sèvis li yo gen ladan jwenn timoun ki pèdi, yon liy pou konsèy sou entènèt ak sèvis sipò pou fanmi: www.missingkids.org
- Pwogram sa a bay resous pou sipòte jèn yo toutpandan y ap aprann rekonèt epi evite vyalans nan frekantasyon:
www.thatsnotcool.com
- Pwogram sa a bay timoun ak paran yo zouti k ap ede yo pale sou edikasyon seksyèl yon fason apwopriye: www.culturereframed.org
- Pwogram sa a bay enfòmasyon sou danje sou entènèt ak solisyon sou sekirite. Li bay resous sou rezososyal ak pwoteksyon telefon, entimidasyon anliy, pònografi ak trafik:
www.InternetSafety101.org



Kisa Ou Kapab Fè?

- Si ou gen yon vidyeo oswa yon foto ki pa bon, pa voye l bay lòt moun. Kontakte sèvis polis nan lekòl ak polis nan zòn nan pou mennen ankèt.
- Sipòte pitit ou epi kontinye pale konsènan sekirite sou entènèt.
- Verifye fason pitit ou ap fè fas epi gade si gen lòt pwoblèm li jwenn.

Kontakte Nou

DEFANSÈ DWA TIMOUN NAN NORFOLK

12 Payson Road, Foxborough, MA 02035

Telefòn: 508.543.0500

www.norfolkadvocatesforchildren.com

BIWO AVOKA DISTRI NAN NORFOLK (NORFOLK DISTRICT ATTORNEY'S OFFICE)

45 Shawmut Road, Canton, MA 02021

Telefòn: 781.830.4800

www.norfolkda.com

Sèvis yo bay nan Defansè Dwa Timoun nan Norfolk yo gratis.



Defansè Dwa Timoun nan Norfolk (Norfolk Advocates for Children, NAC) se yon pwogram Biwo Avoka Distri Norfolk la (Norfolk District Attorney's Office), ki an patenarya avèk NAC, yon 501(c)(3).

Remèsiman:

Pwojè sa a te jwenn sipò (yon pati) nan men Biwo Massachusetts pou Asistans pou Víktim yo atravè yon sibvansyon Lwa sou Víktim Zak Kriminèl 1984 (Victims of Crime Act of 1984, VOCA) ki soti nan Biwo pou Víktim Zak Kriminèl, Biwo Pwogram Jistis yo, Depatman Jistis Etazini (U.S. Department of Justice).

SEKIRITE SOU ENTENÈT

YON GID POU PWOFESYONÈL K AP BAY SWEN YO



Defansè Dwa Timoun nan Norfolk



12 Payson Road | Foxborough, MA 02035

www.norfolkadvocatesforchildren.com

Timoun yo kapab ekspoze a yon pakèt enfòmasyon anbarasan sou entènèt. Gen bagay ou ka fè pou evite pitit ou ekspoze twòp a danje ki genyen sou entènèt.

Sa ou dwe konnen konsènan sekstin ('sexting') ak rezo sosyal

- Sekstin se lè yon moun voye mesaj ki gen rapò ak sèks, foto ak oswa vidyeo elektwonikman sou telefòn, sou sit entènèt ak sou aplikasyon.
- Apeprè 1 jèn sou 5 itilize sekstin.
- Apeprè 1 moun sou 5 nan moun ki resevwa mesaj sou sèks yo voye l bay yon lòt moun.
- Majorite jèn ki itilize sekstin di se presyon yo fè sou yo oswa yo fòse yo patisipe.
- Jèn ki konn voye mesaj sèks yo pi fasil enplike nan lòt konpòtman seksyèl riske.
- Snap Chat, KIK, TextPlus, WhatsApp, Secret Calculator, Facebook, Twitter ak Instagram se tout aplikasyon rezo sosyal ki popilè yo. Ou kapab fòme tèt ou ak anpil aplikasyon rezo sosyal grasa resous yo mete la a epi mande pitit ou ki aplikasyon rezo sosyal li itilize.



Prevansyon

- Pale avèk pitit ou selon laj li konsènan entènèt epi pale klè avè l konsènan danje sou sekirite ak avantaj entènèt genyen.
- Paran ak responsab yo ta dwe konnen epi apwouve nenpòt aplikasyon pitit yo ap itilize epi kenbe modpas yo pou yo ka siveye jan timoun yo ap itilize aplikasyon sa yo.
- Paran ak responsab yo ta dwe "zanmi" oswa "swiv" timoun yo sou aplikasyon y ap itilize yo.
- Asire w paramèt sou entimite pitit ou konfigire pou se sèlman moun ou konnen ki nan kontak li.
- Itilize teknoloji filtraj ak siveyans sou òdinatè, telefòn pòtab ak aparèy yo. Men kèk ladan: My Mobile Watchdog, BARK, Qustodio ak Web-Watcher.
- Verifye souvan e regilyèman telefòn pitit ou gade tout mesaj, tèks, vidyeo, foto, elatriye. Fè pitit ou a konnen ou verifye tout bagay sa yo epi fè li konnen w ap verifye yo regilyèman.
- Pale avèk timoun ou konsènan relasyon k ap bon pou li. Moun ki nan yon bon relasyon p ap fè presyon sou youn lòt pou voye mesaj ki gen rapò ak sèks.
- Pou timoun piti yo, pale avèk yo sou kijan mesaj tèks yo pa ta dwe gen okenn move bagay ladan epi si yo wè yon bagay, yo dwe di w sa.

Konsèy sou sekirite pou Timoun

Moun pa toujou di laverite sou entènèt.
Men kèk konsèy k ap pwoteje w.

- Sonje nenpòt bagay ou pataje oswa poste kapab vin publik.
- Avan ou poste oswa pataje yon foto, reflechi pou wè si li bon pou poste.
- Pa bay enfòmasyon pèsònèl ou.
- Pa ekri an prive oswa pale ak yon moun ou pa konnen.
- Si yon moun ou pa konnen kontakte w, ou kapab bloke oswa pa zanmi moun sa. Di yon moun ou fè konfyans sa (Responsab resous lekòl la, konseye oryantasyon, paran ak/oswa pwofesè). Fè moun ki responsab rezo sosyal yo konnen move konpòtman oswa konpòtman konsènan agresyon ou remake.

